

## **ÈSKE OU GEN MOUN PWÒCH OU KI SE SITWAYEN KIBA, AYITI, NIKARAGWA, OSWA VENEZWELA?**

### **OU GEN DWA KAPAB EDE YO AN'TRE POU SEJOU KONDISYONÈL TANPORÈ POU REZON IMANITÈ NAN ETAZINI.**

Egzonerasyon responsabilite: Se Inite Lwa sou Imigrasyon (Immigration Law Unit) Legal Aid Society an ki kreye avi sa a. Avi sa a se pa konsèy jiridik e li pa ranplase konsèy yon espesyalis imigrasyon.

**Kisa pwogram “Pwosesis pou Kiben, Ayisyen, Nikaragwelen, ak Venezwelen (Processes for Cubans, Haitians, Nicaraguans, and Venezuelans)” an ye?**

DHS anonse pwosesis pou sitwayen Kiba, Ayiti, Nikaragua, ak Venezwela, ak manm fanmi pwòch yo (mari/madanm, sa gen ladan moun ki plase ak pitit ki pa marye ki gen mwens pase 21 nan), kapab mande pou yo antre sou kondisyon nan Etazini pandan yon peryòd k ap dire jiska de (2) ane pou rezon imanitè ijan oswa gran byen piblik. Pou patisipe, benefisyè ki kalifye yo dwe:

- Gen yon sipòte nan Etazini;
- Pase verifikasyon antesedan pou sekirite;
- Andeyò Etazini;
- Respekte lòt kondisyon kalifikasyon; epi
- Merite yon desizyon favorab.

Moun k ap patisipe nan pwosesis sa yo dwe gen yon sipòtè nan Etazini ki dakò ba yo soutnans pandan tout dire sejou kondisyonèl yo a nan Etazini.

Timoun ki gen mwens pase laj 18 an DWE vwayaje avèk yon paran oswa yon responsab legal.

**Ki kote mwen ka kòmanse depoze papye parenaj finansye yo onon sitwayen Kiba, Ayiti, Nikaragua, oswa Venezwela?**

Yo te kòmanse aksepte demann yo nan dat 18 oktòb 2022 pou Venezwelen yo epi nan dat 6 janvye 2023 pou tout lòt yo; depi dat sa yo, ou ka depoze Fòmilè I-134A a, Demann sou Entènèt pou vin yon Sipòtè ak Deklarasyon Soutnans (Online Request to be a Supporter and Declaration of Financial Support).

## **Kisa kondisyon yo ye pou w fin sipòtè yon moun?**

- (1) Ou dwe sitwayen ameriken; rezidan pèmanan legal; gen yon sitiyasyon legal nan Etazini tankou Estati Pwoteksyon Tanporè (Temporary Protected Status) oswa azil; gen yon sitiyasyon non-imigran ki valid, oswa yon moun yo te bay sejou kondisyonèl oswa yon moun ki resevwa aksyon ranvwaye (deferred action);
- (2) Parenn nan/sipòtè a dwe pase kontwòl sekirite ak verifikasyon antedesdan, sa gen ladan pou sekirite piblik, sekirite nasyonal, trafik moun, ak eksplwatasyon; epi
- (3) Ou dwe montre ou gen kont resous finansye pou resevwa, kenbe, ak okipe moun ou dakò sipòtè yo pandan tout peryòd sejou kondisyonèl yo a.
- (4) Ou dwe depoze demann I-134A separe pou chak moun nan yon fanmi, menm pou timoun minè
- (5) Plizyè sipòtè ka mete ansanm pou parennen yon benefisyè an patikilye

## **Ki dokiman m ap gen pou depoze pou jwe wòl paren finansye pou yon moun?**

Pou jwe wòl paren finansye, ou dwe rete nan Etazini. W ap gen pou soumèt dokiman sa yo:

- (1) Kopi dènye Deklarasyon Taks Federal ou (U.S. Federal Tax Return)
- (2) Lèt travay sou papye avèk antèt konpayi an k ap verifye dat anbochaj ou, tit djòb ou, salè ou, ak èske wi ou non djòb la pwovizwa oubyen pèmanan
- (3) Lèt labank ki endike dat ou te ouvè kont ou a(yo), balans ou kounye a, montan total ki te depoze sou 12 mwa pase yo.

## **Si yo apwouve mwen kòm sipòtè finansye, kisa k ap rive apre sa?**

- (1) Benefisyè a ap resevwa yon imèl ki gen enstriksyon sou kijan pou li kreye yon kont USCIS sou entènèt ak lòt twochen etap yo sou myUSCIS;
- (2) Lè li fin konfime enfòmayon biyografik li yo sou myUSCIS epi ranpli atestasyon kalifikasyon obligatwa yo, benefisyè a ap resevwa enstriksyon sou myUSCIS sou kijan pou li ale sou aplikasyon CBP One nan. Benefisyè a dwe mete enfòmasyon biyografik yo nan CBP One epi bay yon foto;
- (3) Benefisyè a ap resevwa yon avi nan kont sou entènèt li an k ap konfime si wi ou non CBP ba li otorizasyon vwayaje nan Etazini pou mande yo akòde li sejou kondisyonèl dapre sa ajan imigrasyon an deside nan ayewopò a.
- (4) Benefisyè a dwe vwayaje vin nan Etazini pa avyon nan yon delè 90 jou apati de lè yo ba li otorizasyon vwayaje a. Lè yon benefisyè rive nan yon pò dantre, CBP ap enspekte li epi konsidere li pou deside si l ap akòde li sejou kondisyonèl sou yon baza pa ka.
- (5) Nan kad enspeksyon an, benefisyè yo ap pase lòt verifikasyon ankò, sa gen ladan fè lòt anprent. Yo gen dwa voye moun yo panse ki poze menas pou sekirite nasyonal oswa sekirite piblik, oswa moun yo deside ki pa kalifye pou sejou kondisyonèl apre enspeksyon an, al jwenn Lapolis Imigrasyon ak Ladwàn (Immigration and Customs Enforcement, ICE).

## **Si yo apwouve mwen kòm sipòtè finansye, èske sejou kondisyonèl la garanti pou moun m ap parennen an?**

Non. Menm si yo apwouve ou kòm sipòtè finansye, benefisyè a pa kalifye pou sejou kondisyonèl si:

- (1) yo te bay demandè a rezidans pèmanan oswa azil nan yon lòt peyi (sa pa valab pou manm fanmi pwòch k ap vwayaje avèk demandè prensipal la);
- (2) demandè a sitwayen de (2) peyi (sa pa valab pou manm fanmi pwòch k ap vwayaje avèk demandè prensipal la);
- (3) yo te òdone depòtasyon demandè a soti Etazini pandan senk ane pase yo oswa li gen entèdiksyon admisyon poutè yon lòd depòtasyon li te genyen anvan sa;
- (4) demandè a gen mwens pase 18 an e li pa vwayaje avèk ni paran ni responsab legal;
- (5) demandè a pa pase yon verifikasyon antesedan pou rezon sekirite oswa site piblik (kidonk, sèten arestasyon oswa kondanasyon);
- (6) demandè a te travèse fwontyè meksiken oswa panameyen yo san estati apre 12 oktòb 2022 pou Venezwelyen yo oswa apre 9 janvye 2023 pou Kiben, Nikaragwéyen ak Ayisyen yo

## **Ki dokiman benefisyè a dwe genyen pou pwosesis sa a?**

- (1) Paspò valid ki pa ekspire (gen sèten paspò venezwelyen ki gen eksepsyon pou kondisyon sa a). Timoun minè yo dwe gen pwòp paspò pa yo;
- (2) Akdenesans ak sètfika maryaj (si gen moun ki marye);
- (3) Pou benefisyè ki gen mwens pase laj 21 nan: yon lòd gad ki bay moun k ap vwayaje avèk yo a gad legal yo si se pa paran yo;
- (4) Yo dwe te pran vaksen kont lawoujòl, polyo ak premye dòz COVID-19 la epi respekte lòt direktiv ki gen pou wè ak lasante

## **Lè moun mwen te parennen an rive nan Etazini, konbyen tan li gen otorizasyon rete? Èske 1 ap kapab travay?**

Benefisyè a ap gen pèmi sejou kondisyonèl nan Etazini pandan jiska de (2) ane. Lè li rive nan Etazini, l ap kapab mande USCIS otorizasyon travay. Gouvènman ameriken an ta ka deside pwolonje peryòd estati sejou kondisyonèl sa yo, men li twò bonè pou konnen si sa ap rive.

## **Ki fòmilè m ap gen pou ranpli?**

Pou fè demann nan kad pwosesis sa a, premye etap la se pou sipòtè finansye ki nan Etazini yo ranpli fòmilè I-134A a sou entènèt. Si yo apwouve li, de (2) pwochen etap yo nan pwosesis la se benefisyè a k ap fè yo sou yon kont sou entènèt ak nan yon aplikasyon. Pa gen ni frè demann ni frè depo pou peye bay Gouvènman Ameriken an pou kèlkeswa nan etap sa yo nan pwosesis demann nan.

Lè benefisyè a rive nan Etazini, si li vle yon pèmi travay, l ap gen pou ranpli Fòmilè I-765 la. Gen yon frè depo \$410 pou fòmilè sa a sòf si demandè a kalifye pou eksepsyon.